



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PA POU AMELYORE SANTE NOUYÒKÈ YO  
NAN KAD AKÒ BIDJÈ POU ANE FISKAL 2025 LA**

*Investisman istorik 37 milyon dola Medicaid pou sipòte sistèm swen sante pou  
tout moun lan epi transfòme sistèm livrezon swen sante a*

*New York vin premye Eta nan nasyon an ki kreye konje prenatal peye pou  
manman ki ansent yo*

*Elimine depans medikal ki soti nan pòch pou avantaj ki gen rapò ak gwosès pou  
Nouyòkè ki sou plan esansyèl ak lòt plan sante kalifye yo*

*Pwoteje konsomatè yo nan elimine ko-peman pou ensilin pou nenpòt Nouyòkè  
sou plan asirans sante Eta reglemante*

*Konbat dèt medikal nan entèdi lopital yo pouswiv devan lajistis pasyan k ap  
touche mwens pase 400 pousan nivo federal povrete*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a investisman enpòtan pou sipòte sistèm swen sante New York la kòm yon pati nan bidjè egzekitif ane fiskal 2025 la, ki gen ladan investisman rekò nan Medicaid ak nouvo règleman ki pwoteje manman ansent, dyabetik ak moun ki gen ti revni k ap chèche swen medikal.

"Pèsòn pa ta dwe janm gen krentif pou chèche swen akòz depans sa yo pral enpoze oswa tan l ap rate nan travay," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan sipòte manman ansent rive nan redui depans ensilin, n ap pran mezi pou asire Nouyòkè yo ka jwenn swen yo bezwen yo."

**Gwo Investisman nan Medicaid pou Nouyòkè yo**

Bidjè ane fiskal 2025 Gouvènè Hochul la prevwa finansman rekò pou kenbe Nouyòkè yo an sante, pandan l ap etabli tou pwogram Medicaid la sou baz fiskal dirab alontèm la. Yon investisman istorik 37 milya dola nan Medicaid kenbe angajman Eta a pou sipòte swen sante ki bay tout moun swen ak transfòme sistèm livrezon swen sante a, pandan y ap fè investisman odasye pou ogmante aksè a sèvis yo ak sipòte mendèv la. Bidjè a gen ladan tou sipò pou amannman Medicaid 1115 Waiver Eta a ki fèk apwouve,

ki envesti 7.5 milya dola nan finansman federal ak eta a pou ankouraje ekite sante atravè Eta a.

### **Amelyore Sante Matènèl**

Atravè manda yon bank konje maladi separe pou swen prenatal, New York prale pi lwen pase nenpòt lòt eta pou asire moun ki ansent ka resevwa swen sante ki nesèsè pou kreye rezilta an sante pou paran ak timoun san yo pa mete travay yo andanje. Anplwaye yo kapab kounye a resevwa yon lòt 20 èdtan konje maladi peye pou swen prenatal anplis konje maladi ki egziste deja.

Etid yo montre ke swen sante prenatal gen yon gwo relasyon ak rezilta sante amelyore pou manman ak tibebe yo; manman ansent ki gen aksè ak vizit medikal prenatal regilye yo gen mwens chans pou yo mouri nan akouchman epi tibebe ki fèk fèt yo gen plis chans pou yo an sante.

Bay konje prenatal baze sou dènye aksyon Gouvènè Hochul te fè pou sipòte nouvo paran yo ak amelyore rezilta sante matènèl ki gen ladan yo ofri 12 semèn avantaj konje paran ki totalman peye pou plis pase 80 pousan nan mendèv eta a ak agrandi kouvèti apre akouchman an pou jiska yon ane konplè apre fen yon gwosès pou moun ki enskri nan Medicaid ak Child Health Plus.

Anplis de sa, bidjè ane fiskal 2025 la gen ladan tou ankourajman finansye pou lopital yo diminye kantite sezaryèn ki pa nesèsè yo, epi elimine depans pataje pou sèten depans ki gen rapò ak gwosès, tankou vizit prenatal ak apre akouchman, pou moun ki enskri nan Plan Esansyèl ak Plan Sante Kalifye.

### **Elimine Ko-Peman pou Ensilin**

Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon pou elimine ko-peman pou pataje pri ensilin pou nenpòt Nouyòkè sou yon plan asirans sante Eta a reglemante. Inisyativ sa a pral adopte entèdiksyon ki pi vas kont pataj pri ensilin nan peyi a, bay Nouyòkè soulajman finansye epi amelyore aderans ak medikaman sa yo ki kapab sove lavi. Ak 1.58 milyon Nouyòkè yo te dyagnostike ak dyabèt, pwopozisyon an prevwa ekonomize Nouyòkè yo yon sòm estimatif 14 milyon dola an 2025 sèlman.

Dapre Asosyasyon Dyabèt Ameriken (American Diabetes Association) an, moun ki gen dyabèt gen depans medikal ki 2.3 fwa pi wo pase moun ki pa gen dyabèt epi enpak la pi gwo menm pou kominote koulè yo, ki fè fas ak to dyagnostik ki wo yon fason ki pa pwopòsyonèl.

### **Konbat Dèt Medikal**

Bidjè ane fiskal 2025 la gen ladann nouvo lejislasyon odasye pou pwoteje Nouyòkè ki gen ti revni yo kont pwosè pou dèt medikal lè li entèdi lopital yo pou swiv devan lajistis pasyan k ap touche mwens pase 400 pousan Nivo Federal Povrete oswa 120,000 dola pou yon fanmi ki gen kat moun. Lejislasyon an ap elaji tou pwogram asistans finansye lopital yo pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, limite kantite peman masyèl yo ak enterè

yo peye pou dèt medikal yo epi aplike lòt pwoteksyon pou amelyore aksè ak asistans finansyè epi bese efè negatif dèt medikal yo sou Nouyòkè yo.

Plis Pase 700,000 Moun New York gen dèt medikal an rekouvreman. Moun ki gen dèt medikal yo gen mwens chans pou yo chèche swen medikal ki nesèsè yo epi yo rapòte ke yo oblije koupe sou detèminan sosyal sante esansyèl yo, tankou manje, chofaj, ak lwaye. Kòm rezilta, nivo dèt konsiderab menase non sèlman estabilite finansye anpil moun ak fanmi, men tou sabote angajman Eta a pou amelyore ekite sante ak rezilta sante yo.

### **Envesti nan SUNY Downstate**

Bidjè a gen ladan 300 milyon dola nan finansman kapital epi jiska 100 milyon dola pou depans operasyonèl SUNY Downstate yo. Li etabli tou yon konsèy konsiltatif pou evalye epi bay opsyon ki kapab fèt sou gwo anplè pou yon SUNY Downstate modènize e ki solid sou plan finansye; konsèy konsiltatif la ka konsidere 250% nan angajman kapital eta a ak garanti lajan federal nan efò planifikasyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)